

# Piki planin

Depo-Provera, Depo (ti non pou Depo-Povera), piki



## Kijan piki an fonksyone ?



- Piki a gen ladan l **òmòn pwojestin** ki anpeche ovilasyon (kidonk pa gen ze ki libere, pou espèm nan ta fekonde), epi ki fè mikis nan kòl matris la vin pwès (sa ki anpeche espèm deplase antre nan matris la).
- Piki a mache pou moun ki gen **nenpòt pwa, nenpòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòm, pou afime idantite sèks yo.**

## Kijan pou w itilize piki a ?

pran chak  
**12 a 14 semèn**  
(3 mwa)

Ou dwe **al wè yon pwofesyonèl lasante** (an pèsòn, oswa nan konsiltasyon an liy), avan w kòmanse itilize piki a.

Yon fwa ou pran piki a, pa gen anyen ou bezwen fè pou w pa ansent, jiskaske lè a rive pou w pran pwochen piki a.

- Menm jan ak lòt piki yo, li ka lakoz malèz, oswa doulè.
- Gen **de fason** ou ka pran piki a : se swa yon pwofesyonèl lasante ba ou piki a nan mis ou, oswa se ou ki bay tèt ou piki a poukont ou, anba po ou. Ou ka chanje fason w pran piki a.
- **Lè se yon pwofesyonèl lasante k ap bay piki a :** Lè se nan yon klinik ou ye, mande yon pwofesyonèl lasante, pou l ba ou piki a nan mis ou, swa nan bra ou, swa nan dèyè ou.
- **Lè se ou k ap bay tèt ou piki a poukont ou :** Y ap voye enstriksyon yo an detay ba ou, sou fason pou w bay tèt ou piki poukont ou, san danje. Yon pwofesyonèl lasante, yon enfimyè, oswa yon famasyon ka ede reponn nenpòt kesyon sou fason pou w bay tèt ou piki a. Pwofesyonèl lasante w la ap ba w yon preskripsyon, pou w al pran l nan famasi a. Y ap ba ou yon sereng, ki deja ranpli ak medikaman, pou w bay tèt ou piki a nan vant, oswa nan kuis. Men lòt materyèl w ap bezwen : yon tanpon alkòl, yon boul koton oswa yon tanpon twal gaz, adezif, epi yon resipyan pou jete bagay ki file yo. Pandan w kenbe po vant ou, oswa po kuis ou, avèk yon men, w ap antre egui a tout longè nan po a ak lòt men an ; epi pouse medikaman an antre dousman. Sa ap pran 5 a 7 segond.

## Entimite ak kontwòl

- Lè w ap kòmanse pran piki a, epi pandan w ap kontinye pran li, ou dwe gen yon pwofesyonèl lasante pou vizit, oswa pou lòt preskripsyon ankò. Ou ka decide sispann pran piki a poukont ou.
- Patnè w la pa ka wè, oswa santi w ap pran piki a.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap itilize metòd sa a. Lè w ap bay tèt ou piki poukont ou, yon moun ka wè materyèl ou yo, oswa sa ou jete yo.
- Si gen nenpòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman nan lè w gen règ.

## Lè w kòmanse pran piki a, èske l ap fè efè imedyatman ?



Lè w kòmanse ak sèk la, nan espas 7 jou apati premye jou règ ou a kòmanse a, sèk la ap fè efè imedyatman. Si w ap bay san, e ou pa sèten si se règ ou genyen, ou ka itilize yon metòd bakòp pandan yon semèn.



Lè w kòmanse nenpòt lòt lè a, piki a ap pran 1 semèn, pou l fè efè. Nan semèn sa a, itilize yon lòt metòd planin adisyonèl.



## Piki a gen dwa pa apwopriye pou moun ki ap, oswa ki t ap

- Kansè nan tete
- Lipis ak antikò pozitif, oswa antikò moun pa ko konnen

Lis sa a pa konplè ; kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sityasyon sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




## Itilize planin an ijans, si

**Gen plis pase 14 semèn depi ou te pran dènye piki a.**

## Èske piki a bon anpil pou anpeche gwosès ?

- An mwayèn, **4 nan 100 moun ki itilize piki a, ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **efikas a 96%** lè yo itilize l nòmalmman. Itilizasyon nòmalmman la konsidere avèk ki fasilite yon moun ka itilize piki a. Gen kèk moun ki pa p ka pran piki a, chak 12 a 14 semèm lan, jan yo prevwa l la.
- Lè yo itilize piki a pafètman byen, sa vle di si yo pa janm an reta, nan pran piki a, 1 nan 100 moun, ki itilize piki a, ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 99%.
- Gen kèk medikaman ki ka fè piki a pa mache twò byen.
- **Pou plis pwoteksyon pou anpeche gwosès, ou ka itilize an menm tan ak piki a, yon metòd planin ki pa tabli sou òmòn.**



## Efè segondè

**Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks :** Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

**Règ :** Ka afekte.

- Piki a ka lakoz ou bay ti san, nan entèval règ ou.
- Piki a ka fè w bay tikras, oswa anpil san, lè w gen règ ou.
- Piki a ka lakoz ou sispann gen règ ou. Sa rive kay apeprè 55% moun. Li kòrèk pou w pa gen règ, akòz piki a.

**Doulè lè w gen règ :** Li ka diminye

**Pwa :** Ka lakòz ou pran anpil pwa, pran yon ti pwa, oswa pèdi pwa.

**Akne :** Ka vin pi mal.

**Ou vin ka fè pitit ankò :** Ou gen dwa pa ka vin ansent tousuit. Lè w sispann itilize piki a, li ka pran tan, pou w rekòmanse ovile. Konbyen tan l ap pran an ap varye pou chak moun ; men, li ka pran an mwayèn 10 mwa.

**Kèk lòt efè segondè ki posib :**

- Anndan nannan zo a diminye
- Doulè nan vant
- Mak san nan po, kote ou te pran piki a.
- Pèdi cheve
- Fatig
- Kè plen
- Balonnen
- Doulè nan tete
- Anemi
- Ti pati anfonse, kote ou te pran piki a nan vant lan.
- Redui ekip sentòm pil kis nan ovè a (sig anglè a: PCOS), oswa tisi anndan matris la ki soti deyò l (endometriyoz) lakòz.

**Piki a ka ede diminye risk pou w fè :** kansè nan matris ; kansè nan ovè ; kansè nan sifas anndan matris (endomèt) ; anemi akòz mank fè ; maladi anflamasyon anba tivant



## Itilizasyon apre akouchman

Ou **ka pran piki a, an sekirite, tousuit aprè w fin akouche.** Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe a.



## Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Senyen plis pase dabitid
- Gwo doulè anba ti vant
- Reyaksyon alèji : pwoblèm pou respire, oswa bousòl leve sou po w
- Doulè ki dire, pati ki wouj, gratèl, pi, oswa senyen kote w te pran piki a.



## Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Kilè m dwe sispann itilize piki a, si m ap planifye pou m ansent alavni ?
- Èske piki a ap mache pou mwen, si m pè egui, oswa si m konn endispoze, aprè yo fin ban m piki/ pran san mwen.
- Kijan m ka gen aksè ak piki a, si m demenaje al lòt kote ?
- Kisa w dwe fè, si m rate yon randevou ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papyè ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

